



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO KANPAY SANSIBILIZASYON PIBLIK POU TRETMAN COVID-19 POU EDIKE NOUYÒKÈ KI TESTE POZITIF POU COVID-19

Prèske 1 milyon dola kanpay medya ap konstwi sou angajman Eta a pou asire tout Nouyòkè yo gen dènye enfòmasyon sou tretman COVID-19

Anons sou plizyè platfòm nan lang Angle ak Panyòl yo ankouraje moun ki teste pozitif pou yo kòmanse tretman osito sa posib

Gen plis enfòmasyon sou opsyon tretman COVID-19 ki disponib [isit la](#)

Vini apre anons [nouvo liy asistans telefòn gratis pou tretman](#) ki te lanse yè

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman yon nouvo kanpay sansibilizasyon piblik sou opsyon tretman pou moun ki teste pozitif pou COVID-19 epi ki gen sentòm yo. Kanpay sansibilizasyon a peprè 1 milyon dola a pral dewoule an Angle ak Panyòl atravè televizyon, radyo ak medya dijital, pou ankouraje Nouyòkè yo teste pou COVID-19 bonè epi trete li pi vit posib si yo teste pozitif. Deplwaman medyatik la ranfòse plis angajman administrasyon an pou edike tout Nouyòkè yo sou tretman COVID-19 yo ak fason pou ede pwoteje tèt yo pou pa tonbe malad grav.

"Nou kontinye ap konstwi sou efò kontinyèl nou yo pou pwoteje Nouyòkè yo pandan n ap travèse pandemi an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tretman se yon zouti enpòtan pou diminye sentòm COVID-19 yo epi anpeche maladi grav, epi nouvo kanpay sansibilizasyon piblik sa a ekipe Nouyòkè yo avèk enfòmasyon sou opsyon tretman ki disponib yo."

Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Pi bonè tretman an kòmanse apre yon rezilta tès pozitif, se plis l ap pi byen fonksyone nan diminye sentòm yo ak anpeche maladi ki pi grav. Nouvo kanpay sansibilizasyon piblik sa a bay tout Nouyòkè yon mesaj enpòtan konsènan nesite pou yo fè tès yo osito sentòm yo parèt epi pou yo kontakte founisè swen sante yo touswit pou wè ki tretman ki se pi bon opsyon. Lè w pran vaksen ak dòz rapèl la, yo toujou se pi bon pwoteksyon kont COVID-19".

Kanpay la prezante lyen pou resous sou opsyon tretman COVID-19 yo sou sitwèb Depatman Sante Eta a nan health.ny.gov/CovidTreatment. Anons sou plizyè platfòm yo ankouraje Nouyòkè ki teste pozitif pou COVID-19 epi ki gen sentòm yo pou yo pale ak founisè swen sante yo sou opsyon tretman yo. Anons yo pral parèt sou televizyon, radyo ak medya dijital jiska mwa out 2022.

Nouvo reklam nan televizyon an disponib nan lang Anglè ak Panyòl isit la:

- [Vèsyon](#) 30 segonn nan lang Angle.
- [Vèsyon](#) 30 segonn nan lang Panyòl.

Anba a se tèks anons videyo anime 30 segonn lan:

Si w teste pozitif pou COVID-19 epi gen sentòm, mande founisè swen sante w la si tretman gratis bon pou ou. Pa pran tan. Pi bonè ou kòmanse tretman, se konsa l ap fonksyone pi byen. Lè w pran vaksen ak dòz rapèl la, yo toujou se pi bon pwoteksyon kont COVID-19. Men, si w malad, rete lakay ou. Epi si w teste pozitif, pale ak founisè swen sante w touswit sou opsyon tretman ou yo. Fè tès bonè. Fè tretman bonè. W ap jwenn plis enfòmasyon sou health.ny.gov/CovidTreatment.

Anons sa fè swivi ak lansman yon [nouvo liy asistans gratis](#), ke Gouvènè a te anonse yè, pou moun ki teste pozitif pou COVID-19, men ki pa gen yon founisè swen sante, nan kad efò administrasyon an ap kontinye fè pou pwoteje Nouyòkè yo pandan pandemi an. Tout Nouyòkè yo andeyò Vil New York, kèlkeswa revni oswa kouvèti asirans sante ki teste pozitif pou COVID-19, yo kalifye pou yo evalye yo pou tretman lè yo rele 888-TREAT-NY (888-873-2869) oswa lè yo ranpli yon evalyasyon sou sit wèb NYS COVID-19 ExpressCare Therapeutics Access (Aksè ak Terapi NYS COVID-19 ExpressCare), ki gen ladann yon vizit telemedsin. Rezidan Vil New York yo ta dwe rele 212-COVID-19.

Vizite [sitwèb Depatman Sante Eta New York](#) pou plis enfòmasyon sou repons New York pou COVID-19.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418